бөлимлеринен шербет таярланып ишилсе неврастения, тутқанақ кеселликлери, асқазан ишек кеселликлери, бауыр кеселликлерин емленген. Әдираспан өсимлигиниң бул шыпалы қәсийетлери бойынша мағлыўматлар «Авесто» китабында да жазып қалдырылған. Халқымыз ерте заманлардан берли арнаўлы жол менен алынған әдираспан смоласының емлик қәсийети бар екенлигин билип келген ҳәм көплеген кеселликлерди тәбийий жол менен емлей алған. Адамлар өсирилип атырған өсимлик үстине тесикшелери бар болған табақ ямаса қазан жаўып қойылады. Өсимлик өсиўин даўам еттирип, жабылған ыдысқа смолалар отырады. Қырып алынған смолалар ҳәр түрли кеселликлерди емлеўде жүдә күшли тәсирге ийе деген мағлыўматлар бар.

Халық тәжрийбесинде шама менен 100 гр әдраспан 10 литр суўда жабық ыдыста 15-20 минут қайнатылып, 2 саат тындырып қойып сүзиледи. Күн ара 20 күн даўамында 10-15 минуттан 30-40$^0$C суўға әдраспан суйықлығы қосылып шомылса тери кеселликлери, ревматизм, зат алмасыў бузылған ҳалатларды емлеўде халық педагогикасында халқымыз арасында туўры нәтийже берген. Халқымыз әдираспан өсимлигин түтетиў арқалы ләң, қызамық, безгек кеселликлерин емлеўде дурыс пайдалана алған. Кесел адамлар жатқан ханаларға дезинфекциялаў мақсетиндеде әдираспан түтетилген ҳәм ҳәзирги ўақытта да халқымыз арасында кең тарқалған усыллардан бири сыпатында қолланылып келинбекте. Халқымыз арасында ески заманлардан берли және де әдираспанның ҳәзирге шекем сақланып келинген емлик қәсийетлеринен бири ҳәмледар ҳаялдың туўыў алдыннан әдираспан түтетиў қәсийети бунның тийкарғы себеби әдираспанның қурамындағы алкалоидлардың емлик шыпасы есапланады [2].

Айырым ҳалатларда кең жайлаўларда әдираспанның көбейиўи нәтийжесинде жайлаўдағы өсимликлердиң кемейип кетиўи гүзетиледи, бунның тийкарғы себеби бул жерлерде адраспанның өсиўи нәтийжесинде топырақтағы қурамы өзгерип барыўы әдираспанның сол жерде қалып жаўын қар суўлары менен топыраққа сиңип барыўы нәтийжесинде болыўы мүмкин. Булар толық түрде әдираспанда қандай да бир тәсир етиўши күшлер бар екенлигин көрсетеди. Усы күшлерди халық педагогикасында жаслардың емлик билимлерди ийелеўинде тәсири мол екенлигин дәлиллеп туратуғын қубылыслардың бири есапланады.

Абу Али Ибн Сино әдираспанды бууынлар аўырығанында ҳәм нерв системасы аязлағанда аўрыўды қалдырыўшы дәри сыпатында пайдаланған. Бунның ушын аўырған жерге әдрсапанның жер үсти бөлимин езип байлаўға усыныс еткен. Халық медицинасында әдраспанның жер үсти бөлиминен таярланған қайнатпа қотыр ҳәм басқа тери кеселлиликлерин емлеўде, және де безгек, тутқанақ, уйқысызлық, шамаллаў ҳәм тағы басқа кеселиликлерди емлеўде ислетиледи. Туқымынан таярланған қайнатпа зығыр туқымының қайнатпасы менен бирге демқыспа, дем алыўдың қыйынласқанларында, қызыл бурыш тухымы менен қайнатпасы зыянланған ҳалларды емлеўде пайдаланылған. Әдираспан күйдирилип бас аўырғанда ийискелетилген. Ҳәзирги ўақытта медицина илиминде әдираспанның дәрилик препараты дезоксипеганин гидрохлорид ислетиледи. Мононеврит, неврит, полиневрит кеселиликлерин емлеўде шыпалы қәсийети бар.

**Әдебиятлар**


1. Алдашев А., Әлимханов Ж. «Қазақтың халық медицинасының қупиясы». –Алмата: «Қазақстан», 1992.
2. Курмуков А.Г., Белолипов И.В. Дикорастущие лекарственные растения Узбекистана. -Т.: “EXTREMUM PRESS”, 2012.
3. Холматов Х.Х., Қосимов А.И. Русча-латинча-ўзбекча доривор ўсимликлар луғати. -Т.: ИбнСино, 1992.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёшларга исириқ ўсимлигининг даво хусусиятларини ўргатиш ва эмлаш тажрибалари хусусида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье даётся подробная информация о лечебных свойствах растения- гармолы, издавна применяемой в народной медицине Гармола широко применяется для лечения различных заболеваний.

**SUMMARY**

The article contains thorough information about medicinal properties of plant-Peganum harmala that has been used in folk medicine for a long time Harmola is widely used for treating different diseases.


## ПРОФЕССИОНАЛ ТӘЛИМНИҢ АБЗАЛЛЫҚЛАРЫ ҲӘМ ЭКОНОМИКАЛЫҚ ТӘРЕПЛЕРИ


**Қ.Д.Қанглибеков -** *Қарақалпақстан Республикасы кәсиплик билимлендириўди раўажландырыў ҳәм муўапықластырыў басқармасы баслығы*



**Таянч сўзлар:** профессионал таълим, касб-ҳунар, қизиқиш, қобилият, экономика, ишсизлик муаммоси, иш берувчи.

**Ключевые слова:** профессиональное образование, профессия, интерес, способности, экономика, проблема безработицы, работодатель.

**Key words:** professional education, profession, interest, ability, economics, unemployment problem, employer.


Жәҳәнниң раўажланған мәмлекетлеринде тәлим-тәрбия жумыслары жолға қойылыўы, мектеплерде әмелге асырылатуғынын үйрениў арқалы биз ғәрезсиз республикамыздың миллий тәлим системаларын жаңадан шөлкемлестириўди, тәлим-тәрбияда мектеп жумысын шөлкемлестириўде ескирип, гөнерип қалған, өз әҳмийетин жоғалтып баратырған искерлик формалары ҳәм усылларынан тезирек ўаз кешиў, оны мүнәсип тәризде жаңалаўда қосымша бай дәреклерге де ийе болыўымыз шәрт. Атап өтсек, ҳәзирги заман билимлендириў системасында мәмлекет ҳәм жәмийет талабы ҳәм мәплерин сәўлелендирип турыўы зәрүр.

Илим ҳәм техниканың раўажланыўы жаңа технологиялық революция шараятында жетискенликлерге ийе искерлик көрсете алатуғындай жәмийет ағзаларын жетилистирип бериў, жас аўладты кәсип-өнерге бағдарлаў ҳәм де орта тәлимниң көп вариантлы үшинши басқышын ен жайдырыў тәлим-тәрбия бериўде eң алдыңғы педагогикалық қуралларды қолланыў, тәлимде жаңа идеяларды алға сүриўши ҳәм дөретиўшиликке кең жол ашыў оның eң мақул системаларын жаратыў киби жәҳән тәжирийбелерин үйрениў мақсетке муўапық болады.

Бүгинги күнде кең көлемдеги реформаларды өз басынан кеширип атырған бизиң системамыз ушын бул үлкен әхмийетке ийе. Кейинги жылларда жәҳән тәлими бойынша бир қанша илимий мақалалар, семинарлар, ушырасыўлар өткерилди. Буны бизиң тәлим системамыз да шет еллерде оқыў-тәрбия жумысларының жолға қойылыўына итибар ҳәм қызығыўшылықтың артып баратырғанлығы менен дәлиллеймиз.

Билимлендириў системасын раўажландырыўдың «Миллий дәстүри» билимлендириўдеги кризис жағдайын жоқ етиў ушын ҳәм де раўажланыўға, жәҳән цвилизациясында адамгершиликли болыўға гуманистлик идеяларды терең сиңдириўге бағдарланған Өзбекстанның жаңа тәлим идеясын қәлиплестириў ҳәм әмелге асырыўдағы жетекшилигине қаратылған.

Президентимиз бунда билимлендириў системасының узақ мүддетли келешегин ойлаған ҳалда төмендеги элементлерге де итибар қаратыў лазым екенлигин атап көрсетти:

- Өзбекстан халқы санының жас өзгешелигине итибар бериў;

• Инновациялық-технологиялық бурылыс ҳәм экономиканың қурамындағы өзгерислер шараятында ислеўши хызметкерлердиң кәсиплик искерлигиниң артыўы;

• Ҳәзирги ҳәм жаңа аўладлар тәрепинен индустриаллық илимий идеяларды илажы барынша толық масштабта ҳәм қысқа мүддетлерде өзлестириў зәрүрлиги, бул болса адамлардың қайта ислеп шығарыўға ҳәм өмир искерлигинде жаңа шараятларға тез үйлесе алыў имканиятын береди;

• Постиндустриал илимий идеяларды тез өзлестириў, жас аўладқа инновациялық руўхты жүзеге келтириў ушын информация жолларынан пайдаланыў зәрурлигин келтирип шығарады;

• Үзликсиз билимлендириў системасы ҳәм аралықтан оқытыўды раўажаландырыў зәрүрлиги артпақта.

Жоқары мәмлекетлик дәрежедеги билимлендириў системасын раўажландырыў стратегиясында экономикалық зәрүрликлерди есапқа алып тәлим системасын өзгертиўдиң мақсети ҳәм бағдарлары төмендегише белгиленген болыўы керек: оны узақ мүддетли келешекте раўажландырыўдың тийкарғы көрсеткишлери мазмуны ҳәм информациялық-технологиялық тийкарын инновациялық жаңалаў принциплери, оқытыўшылар қурамын таярлаў ҳәм қайта таярлаў бағдарлары; билимлендириўдиң шөлкемлестирилген формалары пән ҳәм билимлендириўдиң интеграциялаў усыллары.

Билимлендириў системасында сапаны асырыў ушын интернет ҳәм ғалаба хабар қуралларынан жедел пайдаланыў, милий тәлим ҳәм информация тармағын қәлиплестириў, усы тийкарда аралықтан оқытыўды раўажландырыў жаңа идея, жаңа билим көнликпелерин дәреклерден таңлаў жолы арқалы өзлестириў имканиятын береди.

Профессионал тәлим системасын алдыңғы шет ел тәжирийбелери тийкарында қәлиплестириў басланғыш, орта ҳәм орта арнаўлы профессионал тәлим басқышларын ендириў арқалы мийнет базары ушын тәжирийбели ҳәм бәсекиге шыдамлы кадрлаў таярлаў ҳәм де усы процеске ис бериўшилерди кең түрде қамтып алыў мақсетинде бир қанша тәлим мәкемелери тармақлары шөлкемлестирилди.

Профессионал тәлимди кең ен жайдырыў мақсетинде кәсипке оқытыў орайларын шөлкемлестириў ушын бир қатар ис-иләжлар ислеп шығылды.

Ҳәзирги күнде тәлим процесинде инновациялық технологияларды, педагогикалық ҳәм ахборот технологияларын оқыў процеслеринде қолланыў менен биргеликте инсан психикасының турақлылығы ҳәм шыдамлылығын асырыў мақсетинде интерактив методларды қолланыў итибарды талап етпекте. Интерактив методлардан пайдаланыў орта арнаўлы оқыў орынларында оқыўшыларды тек ғана оқытыўшылар тәрепинен берилген таяр билимлерди ийелеўге емес, ал өзлери де өзбетинше үйрениўге, изрениўге ийтермелейди. Буннан тийкарғы мақсет көнликпе ҳәм тәжирийбелер тийкарында шахстың билиў ҳәм жеке қәбилетин, ақылый кәмалатын, мийнет хызметине болған мүнәсибетин және өмирге болған көзқарасын жетилистириўден ибарат.

Педагогика, психологияда инсан өзиндеги кемшиликлерди сапластыра алатуғынлығы, өзин-өзи жетилистиретуғынлығы, өз билимлерин беккемлей алатуғын қәбилетлерге ийе екенлиги илимий жақтан тастыйықланған. Бирақ, оқыўшы жасларымыз өз қәбилетлерин жоқары дәрежеде көрсете алмайды. Себеби, оқыўшы тәбияттағы өз микродүньясын анықлық пенен сүўретлеп берсе де, өзин-өзи билиўде ҳәр қыйлы социаллық жағдайларда өзин-өзи нәтийжели басқара алыўда айырым машқалаларға дус келмекте.

Болажақ қәнигениң өз бетинше ислеўи даўамында еркин пикирге ийе болыўы оқытыўшы-устазлар тәрепинен билдирилген мүнәсибетлерге де байланыслы болады. Оқытыўшы-устазлар оқыўшыларға туўры мәсләҳәт берип, илимий-дөретиўшилик излениў методлары, қураллары, ызамлылық қағыйдалары менен таныстырып барыўы лазым. Соның менен бирге, оқыўшыларға еркин пикир жүритиў ушын имканият бериў, олардың ҳәр қыйлы пикирлерин қабыл етиў, талабалардың оқыў процесиндеги жеделлигин тәмийинлеў, талабаларды өз бетинше пикирлерин баян етиў процесинде күлкиге қалмаўға исендириў, ҳәр бир болажақ қәнигениң өзбетинше пикир жүрите алатуғынлығына өзлеринде исеним сезимин оятыў керек. Болажақ қәнигениң өзбетинше пикирлеўинде ҳәр қыйлы пикирлер пайда болады. Егер болажақ қәнигелер оқыў процеслерине белсенди қатнасса ҳәм айрықша өзлестириўине өзлериниң жуўапкер екенлигин сезе алса бул күтилген нәтийжени береди.

Бүгинги күнде барлық тараў ҳәм бағдарларда үлкен ислер әмелге асырылмақта. Аймақларда жаңа кәрханалар иске түсип, жәмийетлик инфрасистемасын раўажлантырмақда. Алдында және үлкен режелер ҳәм мақсетлер бар. Булардың бәршеси тәжирийбели болған қәнигелерге болған талапты асырмақта. Соның ушын ҳәр тараўдың раўажланыўы, проектлердиң орынланыўы жетик қәнигелерге байланыслы.

Сонлықтан, кейинги жылларда билимлендириў системасын модернизациялаў, оқытыўдың заманагөй форма ҳәм технологиялары енгизилмекте. Аймақларда жаңа тәлим бериўши мәкемелер пайда етилип, талап жоқары болған қәнигелер таярлаўға шараят жаратылмақта.

Колледжлер тийкарында профессионал тәлим мәкемелериниң жаңа тармағын қәлиплестириў ўазыйпасы қойылды. Усы мәкемелерде басланғыш орта ҳәм орта арнаўлы профессионал тәлим дәстүрлери тийкарында кадрлар таярланады. Оқытыў мүддетлери зәрүр билим, тәжирийбе ҳәм көпликпелердиң қурамалығына қарап ҳәр түрли болады. Бул системаны енгизиўден алдын олардың методологиясын жаратыў, тәлим дәстүрлерин халық аралық талаплар тийкарында жаңадан ислеп шығыў, оқытыўшы ҳәм ислеп шығарыўшы усталарды таярлаў ҳәм қайта таярлаў, қәнигелигин асырыў зәрүрлигин атап көрсетеди. Жасларды кәсип-өнерге қызықтырыў бойынша профессионал тәлим системасын алдыңғы раўажланған мәмлекетлер тәжирийбелери тийкарында қәлиплестириў басланғыш, орта ҳәм орта арнаўлы профессионал тәлим басқышларын раўажландырыў арқалы мийнет базары ушын бәсекиге шыдамлы кадрларды таярлаў ҳәм бул процесске кадрлар таярлаў улыўма билим бериў мәкемелериниң 9-класс питкериўшилери есабынан қәлиплестирилген топарларда еки жыллық улыўма тәлим ҳәм қәнигелик пәнлердиң интеграцияланған дәстүрлери тийкарында күндизги тәлим формасында әмелге асырылады.

Билим алып атырған болажақ қәнигелер Өзбекстан Республикасы мәмлекет бюджети есабынан базалық есаплаў муғдарының бир есе муғдарында бир айлық стипендия ҳәм де үш мәҳәл аўқат пенен тәмийинленеди. Бунда кәсип-өнер мектеплери болажақ қәнигелерин үш мәҳәл аўқат пенен тәмийинлеў ямаса усы үш мәҳәл аўқат пулларын оларға төлеп бериў ҳуқықына ийе. Бул дегени, финанслық техникалық базаны беккемлеў ҳәм кадрлаў таярлаў қәрежетлерин Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик бюджети қаржысы есабынан әмелге асырып отырады.

Ал, жумыс бериўшилерди бул мәселеге тартыў мақсетинде Президентимиз жаңа профессионал тәлим системасын мийнет базары талаплары менен байланыстырыў керек екенлигин айрықша ескертип өтти. Көпшилик орынларда жумыссызлық жүзеге келип атырған бир ўақытта исши кәсиплер бойынша қәнигелерге үлкен зәрүрлик бар екенлиги атап өтилди. Мәсе-

лен, жеңил санаатта 46 мың, қурылыста 104 мың, металл ислеп шығарыўда 71 мың, хызмет көрсетиў тараўында 67 мың қәнигелер жетиспей атырғанлығы анықланды. Бул тәлим ҳәм ислеп шығарыў ортасында байланыстың ҳәм жақын бирге ислесиўдиң жоқ екенлигинен жүз берип атырғанлығы ҳеш кимге сыр емес.

Сол себепли питкериўшилерди жумысқа жайластырыў ямаса өз бизнесин жолға қойыўда билимлендириў мәкемелериниң тийкарғы өлшемлери болыў керек екенлиги атап көрсетилди. 2017-жылда қайта тикленген 10-11-класс болажақ қәнигелер ушын оқыў ислеп шығарыў комплекслери тоқтатылды. Буның есабынан артып қалған қаржылар жаңа профессионал тәлим системасын қаржыландырыўға бағдарланды.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. “Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови” темасындағы Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабылланған күниниң 24 жыллығына бағышланған баянаты. –Т.: “Ўзбекистон”, 2017. 48-б.
2. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 7-февралдағы пәрманы менен тастыйықланған «2017-2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг бешта устувор йўналишлари бўйича Ҳаракатлар стратегияси».
3. Өзбекстан Республикасы Нызамы «Бухгалтерия ҳисоби тўғрисида (янги таҳрири)». 2016-жыл 13-апрель.
4. Инновацион таълим технологиялари / Муслимов Н.А., Усмонбоева М.Ҳ., Сайфуров Д.М., Тўраев А.Б. – Т.: “Сано стандарт” нашриёти, 2015.
5. Ишмухамедов Р. ва б. Таълимда инновацион технологиялар. -Т.: «Истеъдод», 2008.
6. Палий В.Ф. «Теория бухгалтерского учета»: современные проблемы. - М: «Бухгалтерский учет», 2007, -С.11.
7. Данилов А.С., Юлдашев З.Ю. Национальная экономика. – Т.: «Янги аср авлоди», 2003.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада касб-ҳунарга йўналтирилган таълимнинг афзалликлари ҳақида маълумот берилади. Профессионал таълимнинг мутахассис ҳаётида катта аҳамиятга эга эканлиги, ундаги қизиқиш ва қобилият билан чамбарчас боғлиқ. Жамиятимиздаги ишсизлик муаммоси иш берувчи билан ўрта ва ўрта махсус муассасаларининг биргаликда иш олиб бормаслиги оқибатида вужудга келганлиги такидлаб ўтилди.

**РЕЗЮМЕ**

В статье дается обзор преимуществ профессионального образования. Важность профессионального образования в жизни специалиста тесно связана с его интересами и способностями. Было отмечено, что проблема безработицы в нашем обществе является результатом отсутствия сотрудничества между работодателем и учреждениями среднего и среднего специального образования.

**SUMMARY**

The article provides an overview of the benefits of vocational education. The importance of professional education in the life of a specialist is closely related to his interests and abilities. It was noted that the problem of unemployment in our society is the result of a lack of cooperation between the employer and institutions of secondary specialized education.


# ЁШЛАР ТАРБИЯСИДА ТАСВИРИЙ САНЪАТ АСАРЛАРИНИ БАДИИЙ ТАҲЛИЛ ҚИЛИШ АСОСЛАРИНИНГ ДОЛЗАРБ МАСАЛАЛАРИ


**Б.Ж.Қоржовов –** *катта ўқитувчи*

*Қарши давлат университети*



**Таянч сўзлар:** бадиий таҳлил, ижод, илҳомланиш ҳодисаси, ижодий услуб, истеъдод, тасвирий санъат, илмийлик.

**Ключевые слова:** художественный анализ, креативность, вдохновение, креативный стиль, талант, изобразительное искусство, научность.

**Key words:** literary artistic analysis, creativity, inspiration, creative style, talent, art, scientific, character.


Санъат миллат маданиятининг энг олий ифодаларидан ҳисобланади. Халқимиз (Аждодларимиз) томонидан яратилган маданий ёдгорликлар, номоддий маданий мерос объектлари, урф одат анъана ва қадриятлар санъат воситасида ўсиб келаётган ёш авлод қалбига, онгу шуурига сингдирилади. Шундай санъат турларидан бири бу тасвирий санъатдир. Унинг ифода воситалари ва қамров имкониятлари шу даражада кенгки, мусаввирлар тасвирий санъатнинг турли оқим ва йўналишларида ижод қилиб бетакрор санъат асарларини яратиб келишмоқдалар. Мўъжизавий тасвирий санъат асарларининг сеҳри, жозибаси, сири, ғоявий ва мантиқий асосидаги бадиий ҳамда ҳаётий мазмунини англаш учун уларни илмий жиҳатдан ҳаққоний ва малакали таҳлил қилиниши зарурдир. Санъат асарида юксак мазмун, моҳият ва мантиқийлик ўз ифодасини топмаса у инсон қалбини жунбушга келтирувчи санъат даражасидаги асар ҳисобланмайди. Бу ҳақда Арасту бундай дейди. “Мусаввирликда ҳам шундай (қонуният бор), рассом ўз ишига моҳир бўлиши мумкин, аммо уни ҳар қандай тасвири учун эмас, балки гўзал намуналардан қолишмайдиган тасвирлари учун мақтайдилар” [1:20].

Бугунги кунда тасвирий санъат машғулотларида асарларни бадиий, илмий ўрганишга эътибор ғоятда суст бўлганлиги сабабли, ўқувчиларнинг санъат асарлари ҳақидаги фикрлари қарашларида катта бўшлиқ пайдо бўлиб қолмоқда. Бу ҳолатни бир неча авлод вакилларида ҳам кузатиш мумкин. Бунинг асосий сабабларидан бири асарларни таҳлил қилиш йўллари, бу борадаги билимлар мажмуи ва ўқитишнинг илғор педагогик ва ахборот технологияларидан фойдаланишнинг самарали йўллари етарли даражада ишлаб чиқилмаганлигидир. Зеро, бугунги глобаллашув жараёнида барча фанлар қатори тасвирий санъат дарсларида асарларни бадиий таҳлил қилишни замонавий асосда ўқитиш ўқувчиларнинг мантиқий фикрлаши ва илмий дунёқарашини ўстиришда муҳим ҳисобланади. Ўқувчилар асарларни бадиий таҳлил қилиш йўлларини ўзлаштиришмаса, ҳақиқий санъат асарлари, уларнинг мазмун моҳиятини тушиниб ета олишмайди, шунингдек, мукаммал санъат асарлари ярата олиш имконига ҳам эга бўлмайдилар. Маълумки, барча санъат турлари қаторида тасвирий санъат ҳам инсоннинг эстетик диди, эзгу фазилатларининг шаклланишида ва гўзал орзу истакларининг яралишида муҳим ўрин тутади.

Ўқувчилар санъат асарларини моҳиятини англаб етмаса, ундан маънавий қувват ҳам олаолмайди ва натижада санъатга, маданиятга эътибор мутлоқа бўлмайди. Санъат асарларини тушуниш, англаш, уни ўқий олиш ўқувчининг нафақат маданиятига балки унинг онги-тафаккурига ижобий таъсир этиб, ҳаёт ҳақида таасуротларини жамлашга ёрдам беради.

Таълим муассасаларида тасвирий санъат тарихи ва назарияси фанлари орқали, ўқувчиларга асарларининг бадиий таҳлили қисқача ўргатилиб кетилади. Бироқ бадиий таҳлил асосларини ўргатадиган фанларнинг мазмуни, ўқитиш шакли ва методларининг замон талабларига мос тарзда ишлаб чиқилмаганлиги сабабли санъатни тушуниб таҳлил қила оладиган педагог кадрлар тайёрлаш масаласида камчиликлар мавжуд. Оқибатда эса умумий ўрта таълим мактабларида тасвирий санъат машғулотларининг ҳам сифат